

## BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, REKOMENDASI

### 5.1 Kacindekan

Dumasar hasil panalungtikan analisis jeung pedaran data nu geus dipedar dina bab saméméhna ngeunaan wujud jeung wanda pragmatis kalimah tina naskah drama “Kalangkang” karya Nunu Nazarudin Azhar bisa dicindekkeun saperti di handap

Hasil panalungtikan nu kapaluruh aya 252 data wujud pragmatis kalimah jeung 248 wanda pragmatis kalimah, tur ogé sanggeus dua data éta dianalisis data omongan dina data dipatalikeun antar wujud jeung wanda pragmatis kalimahna nu hasilna kapaluruh aya 237 data.

Wujud pragmatis kalimah kabagi jadi opat, nyaéta kalimah wawaran (*deklaratif*), pananya (*introgatif*), paréntah (*imperative*), jeung panyeluk (*aklamatif*). Unggal fungsi tina opat jinis diluhur dibagi-bagi deui dumasar kana ma’na na, kahiji kalimah wawaran (*deklaratif*) dina ieu pedaran kapaluruh aya 124 data omongan, nu dibagi-bagi deui jadi 59 data wawaran ma’na na iber, 4 data wawaran ma’na na nitah, 7 data wawaran ma’na na ménta, 16 data wawaran ma’na na nyaréék, jeung 38 wawaran ma’na na data ngantebkeun.

Kadua, kalimah pananya (*introgatif*) dina ieu pedaran kapaluruh aya 67 data, nu dibagi eusina jadi 15 data pananya ma’na na kaayaan, 1 data pananya ma’na na waktu, 7 data pananya ma’na na ngantebkeun, 4 data pananya ma’na na tempat, 8 data pananya ma’na na rasa, 21 data pananya ma’na na kalakuan, 5 data pananya ma’na na sabab, 1 data pananya ma’na na cara, 3 data pananya ma’na na asal, 1 data pananya ma’na na golongan, jeung 1 data pananya ma’na na babandingan.

Katilu, kalimah paréntah (*imperative*) dina ieu pedaran kapaluruh aya 15 data, nu dibagi jadi 11 data paréntah ma’na na panitah, 3 data paréntah ma’na na paménta, 1 data paréntah ma’na na panyaréék.

Sarta kaopat, kalimah panyeluk (*aklamatif*) dina ieu pedaran kapaluruh aya 46 data, nu dibagi kana 15 data panyeluk ma’na na kukulutus, 6 data panyeluk ma’na na tumamprak, 2 data panyeluk ma’na na kakagét, 1 data panyeluk ma’na na kahariwang, jeung 22 data panyeluk ma’na na kakeuheul.

Lian ti wujud pragmatis kalimah aya ogé wanda pragmatis kalimah nu nyampak dina ieu naskah drama nu dianalisis. Ditilik kana hasil analisis, wanda pragmatis kalimah nu kapaluruh aya 248 data, nu dibagi jadi kalimah komisif hasilna aya 142 data, wanda pragmatis kalimah impositif nu kapaluruh aya 22 data, wanda pragmatis kalimah éksprésif nu kapaluruh aya 71 data, jeung wanda pragmatis kalimah asértif nu kapaluruh aya 13 data.

Nu unggal jinisna dibagi deui sasuai ma'na na nu kahiji kalimah komisif hasilna aya 142 data, nu dibagi jadi 105 data ngawawarkeun, 4 data nitah, 1 data ngajak, 1 data ngahulag, 31 data ngantebkeun. Kadua, aya wanda pragmatis kalimah impositif nu kapaluruh aya 22 data nu dibagi jadi 12 data nitah, 7 data ménta, jeung 3 data nyaréék. Katilu, aya wanda pragmatis kalimah éksprésif nu kapaluruh aya 71 data nu dibagi kana 25 data nyarékan, 2 data cumeluk, 7 data kagét, 2 data tumamprak, 1 data karumusaan, 1 data bungah, 1 data kanyeri, jeung 32 data keuheul. Kaopat, aya wanda pragmatis kalimah asértif nu kapaluruh aya 13 data nu dibagi kana 6 data analitis jeung 7 data sintétis.

## 5.2 Implikasi

Sabada nganalisis wujud jeung wanda pragmatis kalimah dina naskah drama “kalangkang” karya Nunu Nazarudin Azhar, hasil panalungtikan dipiharep bisa méré élmu anyar sarta ngajembaran jeung ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan élmu pragmatik hususna dina wujud jeung wanda pragmatis kalimah, sarta élmu dina ngagunakeun atawa makéna basa nu merenah jeung bisa dipipaham ku jalma séjén, sangkan komunikasi boh langsung boh teu langsung dilaksanakeun kalawan lancar.

Salian ti éta, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh jeung conto nu alus dina pangaweruh mimahan harti omongan nalika komunikasi sapopoéna. Ku ayana pedaran ngeunaan wujud jeung wanda pragmatis kalimah nu nyampak dina omongan palaku dina naskah, dipiharep jalma nu maké basa bisa maham kana omongan nu ditujuna atawa maksud tina omonganna, sangkan nalika ngalakukeun dialog boh panyatur boh jalma liana ngarti kan eusi dina kalimah nu diomongkeun.

### 5.3 Rékomendasi

Sabada dilakukeun ieu panalungtikan, aya sababaraha rékomendasi tur saran nu perlu ditepikeun saperti, dina ieu panalungtikan medar ngeunaan wujud jeung wanda pragmatis kalimah dina naskah drama “Kalangkang” karya Nunu Nazarudin Azhar. Ku kituna masih kénéh perlu aya panalungtikan nu ngabahas ngeunaan proposisi dina nganalisis hiji wacana siga naskah drama jeung ogé panalungtikan ngeunaan unsur fungsional pragmatis kalimah dina naskah drama atawa dina media nu eusina aya obrolan dua jalma atawa leuwih. Tur ogé bakal alus upamana aya panaluntikan ngeunaan wujud pragmatis kalimah mu sumberna sacara langsung ngadata omongan dikahirupan nyata atawa ku media pangajaran disakola.